



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 11 fevriye 2015

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE SUNY ENSTITI POLITEKNIK TE JWENN REKONESANS KÒM PREMYE
INIVÈSI TE NAN PEYI A POU RECHÈCH AK DEVLOPMAN BIZNIS YO FINANSE**

***Distenksyon ki soti nan Fondasyon Syans Nasyonal montre modèl patenarya Inove Inivèsite-Endistri ak
ekonomi inovasyon an kap grandi nan New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Enstiti Politeknik SUNY pa twò lontan de sa te jwenn rekonesans Fondasyon Syans Nasyonal kòm premye inivèsite nan peyi a pou rechèch ak devlopman biznis yo finanse. Nan reyalyasyon distenksyon sa a, SUNY Poly te depase lòt lekòl yo tankou MIT, Duke ak Stanford.

Rapò fondasyon an mete SUNY Poly ak Kolèj Nanoscale Science ak Engineering alatèt preske 900 Kolèj ak Inivèsite Etazini nan 2013, avèk \$201.6 milyon nan rechèch ak depans devlopman ki soti nan plis pase 300 antrepriz ak patnè biznis yo.

“New York ap ouvri chemen an nan kreye opòtinite pou kominote akademik ak biznis yo pwospere, sa ki tradwi nan gwo investisman ki soti nan sektè prive pami sèten lespri ki pi briyan ak pwojè rechèch ki pi inove nan Eta,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Rapò sa a se prèv ke ekonomi wo teknoloji New York, sa ki enkane pa demaraj patenarya rechèch SUNY Polytechnic ak CNSE te etabli, kontinye atire enterè bò kote investisè ak lidè biznis yo toupatou nan mond lan. Reyalyte sa, makonen avèk yon mendèv kalifye enkwayab, kolèj ak inivèsite nivo mondyal nou yo ak avantaj san parèy START-UP NY, vle di ke Eta New York ouvè pou biznis.”

Rapò a se yon refleksyon sou ekonomi konesans 21^{yèm} syèk la kap grandi sa ki kondwi pa modèl patenarya endistri-inivèsite ki gen siksè. Gen yon kantite sant inovasyon ke SUNY-Poly jere ki te anplwaye modèl sa a toupatou nan rejyon nò Eta, e lap ede kreye travay wo teknoloji nan Buffalo, Rochester, Syracuse, Utica ak Albany.

Dr. Alain Kaloyeros, Prezidan ak PDG SUNY Poly, te deklare, “Se yon temwayaj pou Gouvènè Cuomo, ak

patnè antrepriz yo, pwofesè, etidyan, ak pèsònèl SUNY POLY ke nan kèk ane tou kout nou te monte an flèch depase kanmarad nou yo, enkli MIT, Duke ak Stanford, nan youn nan endikatè ki pi enpòtan nan rechèch ekselans enstitisyonèl nan edikasyon siperyè Etazini jodia. Sa a se sèlman kòmansman an. Ale delavan avèk fòs konbine nan etablisman nou yo nan tout eta, e dapre vizyon ak direksyon Gouvènè Cuomo, Suny Poly pare ankò pou yon kwasans ki pi dramatik ankò, pwogram akademik siperyè, kreyasyon travay, ak chanje direksyon nan rechèch ak dekouvèt.”

Rapò a montre tou ke pandan rechèch ak devlopman nan edikasyon siperyè ap ogmante nasyonalman pa mwens pase mwatye yon pousan nan 2013, SUNY Poly te ogmante a 41 pousan ane-apre-ane.

Rapò fondasyon an sou depans rechèch ak devlopman biznis disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418